


Bato Trezò Peyi Lespay: Pèdi ak Jwenn Li



Yon maten 16 Septanm 1712, uit bato kite pò nan peyi Lespay (Spain) pou vwayaje vè lwès pou L’Amerik (America). Bato yo te pote rad, liv, zouti ak lòt prodwi nesèsè pou kolon yo ki t ap viv nan Sid Amerik (South America), Sant Amerik (Cenral America) ak Karayib (Caribbean). Flòt la te **planifye** retounen nan peyi Lespay nan youn ousnon de ane ak lò ak agan ki sòti nan **koloni** yo.

Vwayaj nan bato dizuityèm syèk sa yo p at menm jan ak vwayaj nan bato **kwazyèr** kounye a. **Pasaje** ak **ekipaj** la te pake tankou sadinn nan fon bato yo. Dlo te **rasyonè**. Yo te bezwen anpil manje tankou vyann ak pwason sale, biskwit sèk, mayi, pwa, farin, ak fwomaj pou **nouri** yon santènn de moun pandan vwayaj la. Yon pasaje te dekri manje a kòm sa:

Anpil mouch tonbe nan bouyon dlo pou prepare manje yo, ak anpil kalite vè tap naje.

Aprè plizyè semèn, flòt la finalman rive nan pò “Vera Cruz” nan peyi Meksik (Mexico). Kolon yo debake prodwi yo te pote soti an Ewòp (Europe). Yo ranpli kago bato yo pou retounen nan peyi Lespay ak grenn kakao pou fè chokola, po bèt sèch, vanilla, bwa Brezilyen, plant yo te rele endigo pou fè digo (blue dye), kwiv ak pòselèn Chinwa ki sòti lòt bò Oseyan Pasifik.

De Vera Cruz, flòt la ale Kiba (Cuba) kote yo rankontre kat lòt bato. Nan Mèkredi 24 Jiyè 1715, anba yon bèl syèl ble douz bato kite pò Lahavann (Havana) pou ale nan peyi Lespay.

Siklòn!

Dimanch 28 Jiyè, pasaje yo remake nyaj nwa nan syèl la. Pandan pou Madi rive, te genyen anpil lapli ak van ki t ap tonbe sou **platfòm** bato a. Yon siklòn te frape yo. Vag lanmè ki wo tankou yon montay te frape bato yo. Yo pèdi tout espwa nan dènye jou mwa Jiyè a 2 zè dimaten. Onz nan douz bato yo te kraze an ti mòso. Plis ke 700 moun te mouri nan siklòn sa a. Yo p at janm wè yon siklòn tibilan konsa. Apeprè 1,400 pasaje te naje pou sove ale nan yon zòn pre Kap Kanaveral (Cap Canaveral). **Dayiva** Panyòl te jwenn kèk nan trezò yo atravè kèlke ane plita. Ou ka imajine w anpil lò ak agan anba lanmè a.

Yo Jwenn Trezò Yo

Anpil lane pase. Nan lane 1819, Peyi Lespay dakò pou remèt Florid (Florida) bay Peyi Etazini (United States). Detanzantan, vaj lanmè pote kèk pyès lajan sou plaj yo. Anpil moun pale de istwa flòt ki te koule a. Nan lane 1950, Eta Florid bay yon mesye ki rele Kip Wagner pèmisyon pou chèche kakas bato yo. Wagner koumanse fè rechèch, li te vle konnen kisa bato yo t ap pote. Li menm ak gwoup li

a te al fè rechèch nan bibliyotèk nan peyi Lespay. Yo te fè rechèch nan bibliyotèk Kongrè (Library of Congress) nan Washington D.C. Apre yo fini fè rechèch, gwoup la te deside ki kote yo pral koumanse chèche. 24 May 1964, Dayiva jwenn anpil pyès lajan sou plafon lanmè o Sid vil Fort Pierce nan Florid. Yo ranmase 2, 500 pyès anvan fen semen nan. Anplis lò ak agan, yo te jwenn fouchèt, asyèt, boutèy, pòselèn, epe, bal (bullets), bal pou kanon; revòlve, pip, sizo. Istoryen ak akeyoloj etidye atifak (zafè) sa yo. Yo aprann anpil de fason moun nan tan sa a te kon viv. De jou an jou moun jwenn kèk nan trezò ki te pèdi, men yo ka pa janm jwenn tout. Gen nan trezò sa yo ki ap toujou rete antere anba fon lanmè a.



Lesson Activities

Preparing to read:

Ask the students what they know about colonization of the Americas from 1492 to the 1700s. Remind them of the role of Christopher Columbus and other historical figures in the discovery of Hispaniola.

Ask the student to predict what the story will be about.

If possible, point on a map some of the places in the story.

Vocabulary:

Koloni (colonist); flòt (fleet); rasyone (rationed); abondans (abundance); Kago (cargo); kabin (cabin); platfòm (deck); mat (mast); vwal (Sail); pòselèn (porcelain); akeyolòj (archaeologist); atifak; zafè (artifacts); Istoryen (Historian).

Supporting Comprehension:

1. Poukisa flòt Panyòl t ap vwayaje ale vini de peyi Lespay ak Amerik? (pou pote prodwi Ewopeyen ki sòti nan peyi Lespay nan koloni yo ak prodwi nan koloni retounen nan peyi Lespay)
2. Konbyen tan apre flòt la te kite Lahavann (Havana) yo te kraze?
3. Pou kisa Otè a te di “tout espwa pèdi” (paske anpil moun te mouri lè vag lanmè frape bato yo)
4. Kouman rechèch Kip Wagner te fè yo te ede l? (Li montre ki pi bon kote pou li chèche)

5. Ki atifak nan tan pa nou ou panse akeyolòj nan fiti ta renmen etidye?
(televizyon, òdinatè, machin; jwèt elektronik)

Non: _____ Dat: _____

1. Ki bi otè a lè li ekri istwa sa

a? _____

2. Dapre kat geyografi a, kouman kat la diferan nan zòn Kap Kanaveral la Jodi

a? _____

Ekriti:

Ekri de dekouvet sa a.

Imajine ou se Wagner ekri nan jounal ou sa te ou te jwenn 24 Me nan lane
1964.

Ousnon

Ekri yon atik jounal pou jounen 25 Me pou repòte dekouvet ki te fèt yè.